далайди. Тадқиқотнинг ушбу босқичида, баҳолаш модели асосида предмет соҳасини функционал тузилмавий декомпозицияси натижасида олинган омиллар (критериялар) иерархик тузилмаси ётади. Шу иерархияга кўра, юқорида ётувчи босқич унсурларининг пастки мос унсурларига кўра, боғлиқлилиги аниқланади.

**Адабиётлар**


1. Арипов М. Тиллаев А. Масофавий таълим. Физика.математика ва информатика. 2002.[1.15]
2. BSI, “Ахборот хавфсизлигини бошқаришнинг амалий кодлари” Англия стандартлар институти, 1999 йил.34-б.
3. Аверченков В.И.Системы защиты информации в ведущих зарубежных странах: Учебное пособие. – Брянск, 2007.18-б.
4. Безбогов А.А.Методы и средства защиты компьютерной информации. Учебное пособие. – Тамбов, 2006.38-б.
5. Муҳаммадиев Ж.Ў. Ахборот хавфсизлиги: муаммо ва ечимлар: Монография. – Т., 2011.250-б.
6. www.gov.uz
7. www.edu.uz.

8. www.press-service.uz
8. www.mfer.uz



**РЕЗЮМЕ.** Бу мақолада ахборот хавфсизлиги соҳасида ечиш қабул қилишнинг муаммоси модел яратишнинг долзарблиги бунда ривожланишнинг самарали муқобиллари, уларни ресурслар билан таъминлаш усуллари, у ёки бу ечимлар натижаларининг таминий моделлари ҳақида айтилган.

**РЕЗЮМЕ.** В этой статье проблема принятия решений в области информационной безопасности является актуальностью моделирования, когда эффективные альтернативы разработки предоставляют ресурсы или модели обслуживания этих решений**.**

**SUMMARY.** The article deals with the problem of decision-making in the field of information security is the relevance of modeling when effective alternatives of development.


## ОҚЫЎШЫЛАРДЫҢ ЖАЗБА СӨЙЛЕЎ ТИЛИН ЖЕТИЛИСТИРИЎ


**М.Т.Қабулова** - *ассистент оқытыўшы*

*Өзбекстан мәмлекетлик көркем өнер хәм мәдeният институты Нөкис филиалы*



**Таянч сўзлар:** диктант, методика, матн, малака ошириш, тест.

**Ключевые слова:** диктант, методика, текст, повышение квалификации, проверка.

**Key words:** dictation, methodology, text, advanced training, testing.


Қарақалпақ тили ҳәм әдебиятын оқытыў методикасында ең әҳмийетли методикалық мәселелердиң бири – бул оқыўшылардың аўызеки сөйлеў ҳәм жазба тилин баянлаў, шығарма ҳәм диктант жаздырыў арқалы жетилистириў болып табылады. Бул мәселе бойынша методист алымлар Е.Бердимуратов, Қ.Пирниязов, Ә.Пахратдинов, Қ.Юсупов ҳәм басқалардың методикалық мийнетлеринде пикирлер айтылған. Усы көзқарастан улыўма орта билим бериў мектеплериниң 5-9-классларында қарақалпақ тили пәнин оқытыўда диктант жумысын өткериў айрықша әҳмийетке ийе болып, бул арқалы оқыўшылар орфографиялық қағыйдаларды, пунктуацияны тыянақлы өзлестириўди, тил байлығын раўажландырыў мақсетине ериседи. Және де әдебий шығармалар үстинде берилген тапсырмаларды оқығанда ҳәр бир оқыўшының иркилис белгилерин орнында дурыс қолланып барыўына итибар берип отырыў керек. Орта мектепте оқыўшылар пунктуация қағыйдалары бойынша толық билим ҳәм тийисли дәрежеде көнликпе алыўын тәмийин етиў, муғаллимниң бирден-бир ўазыйпасы екенлигин естен шығармаў керек. Оқыў-шыларға пунктуацияның тийкарғы прин-

циплерин үйретиў бойынша Қ.Хусанбоева ҳәм Р.Ниёзметова, Қ.Юсупов ҳәм басқа илимпазлардың методикалық мийнетлеринде пикирлер билдирилген. Оқыўшылардың сөзлик қорын байытыў жаңа сөзлерди үйретиў менен байланыслы. Буны оқыўшы биринши рет сөйлеў тилине қабыл етеди. Оны актив сөйлеў запасына қосады ҳәм сөйлеў процесинде пайдаланып үйренеди. Бул ушын оның жазылыў нормаларын оқыўшылардың үйренген орфограммалары тийкарында исленетуғын жумыслардың составына қосыў керек. Күнделикли сабақ даўамында ҳәр түрли методикалық усыллар менен шынығыўларды қолланыў орфографияны үйрениўге байланыслы жумыслардың дурыс жүргизилиўиндеги тийкарғы ўазыйпалар болып табылады. Бул усылларды қолланыўда оқыўшылардың жазба сөйлеў тилин раўажландырыўын, есте сақлаўын, дыққатын қабыл етиўин, түсиниў уқыплылығын жетилистириўге жәрдем етиўин, жас өзгешелигине тәсирин, олардың жеке раўажланыў айырмашылығын басшылыққа алыўы керек. 5-9-классларда тийкарында дурыс жазыўға, ана тили бойынша алған билимлерин беккемлеўге, оларды қанша дәрежеде меңгере алғанын билиў, оқыўшылардың лексикалық, стилистикалық көнликпелерин сөйлеў тилин өсириў, сөзлик қорын байытыў, оқыўшыларды тәрбиялап барыў мақсетинде жүргизиледи.

Диктант жүргизиўде текст таңлаўдың әҳмийети үлкен. Көпшилик берилген текстлер тек байланыслы текстлерден турып, тийисли орфографиялық, грамматикалық қағыйдаларға жуўап бермейди. Бундай жағдайда муғаллимниң өзи талапқа жуўап берерликтей етип таярлаўы тийис. Егер текст теманың мақсетине жуўап бере алмайтуғын болса, ҳәр жерден гәплер терип алып қурастырыўға да болады. Диктант ушын текстлерди әдебий шығармалардан, илимий, кең таралған шығарамалардан, мақала, гүрриңлерден алыўға болады. Ҳәр бир диктант ушын таярланған текст теманың мақсетине жуўап берип ғана қоймай, оқыўшылардың жазба сөйлеў тилин раўажландырыў жас өзгешелигине жуўап берерликтей, тәрбиялық характерге ийе болыўы керек. 5-9-классларда орфографиялық шынығыўлар тийкарында көширип жазыў (тайын текстти өзгертпестен көширип жазыў ҳәм текстти өзгертип көширип жазыў) кеңнен қолланады. Үйретиўши түриндеги диктант ҳәм оның түрлери, грамматикалық-орфографиялық тапсырмалар, творчестволық шынығыўлар (творчестволық диктант, ҳәр қыйлы грамматикалық ҳәм орфографиялық тапсырмалар менен кеңейтилген еркин диктант, баян ҳәм шығарма) арқалы иске асырылады. Сөзлердиң айтылыўына байланыслы имла қағыйдаларын үйрениўде көбирек еситип жазыў шынығыўларынан пайдаланылады. Ал, айтылыўы менен жазылыўы ортасында өзгешелик бар сөзлердиң имласын үйретиўде болса көбинесе грамматикалық, орфографиялық тапсырмалар, көширип жазыў, түсиндириў ҳәм ескертиў диктанты өткериледи.

Оқыўшылар тайын текстти өзгертпестен көширип жазыўы, оны сол турысында дәптерге қәтесиз жазыўы керек. Тайын текстти көширип жазыў тийис. Тайын текстти көширип жазыў – бул орфографияны оқытыўда жүдә аз нәтийже береди. Соның ушын ол негизинен төменги класссларда көбирек жүргизиледи, 5-9-классларда болса, ол грамматикалық-орфографиялық таллаў менен бирге алып барылады.

Диктант өткериўде оқытыўшы сөзлерди айтып жаздырады, ал, оқыўшылар бурын грамматикадан алған теориялық билими менен орфографиялық қағыйдалар бойынша қәлиплескен көнликпелери негизинде ҳеш кимниң жәрдемисиз сөзлерди өзинше жазады. Мектеп практикасында диктанттың бир неше түрлери бар; түсиндириў диктанты, ескертиў диктанты, таңлаў диктанты, еркин диктант творчестволық диктант, сөзлик диктант, тексериў (контроль) диктанты. Бул диктантлардың тексериў диктантынан басқалары үйретиўши характерге ийе болып, олар грамматикалық ҳәм орфографиялық қағыйдаларды үйрениўде өтилген теманың мазмуны менен характерине қарай жүргизиле береди. Диктант қурылысына киргизилген еркин диктант ҳәм творчестволық диктант өзиниң мазмуны бойынша орфографиялық характерде болғаны менен, ол оқыўшылардың тил байлығын раўажландырыўда да ишине алады. 5-9-классларда түсиндириў

диктанты өтилген белгили бир қағыйданы беккемлеўде ҳәм тәкирарлаўда орфографияны түсиндириўге арналады. Бунда үйренилеўге тийисли орфограммалар текстти жаздырыўдан алдын яки кейин түсиндириледи. Түсиндириў диктантының тәртиби муғаллим гәпти оқыйды, оқыўшы оны тыңлаў арқалы дәптерлерине жазады. Диктант жазып болынғаннан кейин муғаллим үйренилиўге тийисли орфограммаларды түсиндиреди. Түсиндириў диктанты оқыўшыларды сөзлерди өз бетинше жазыўға таярлайды.

5-9-классларда ескертиў диктанттың бул түрин өткериўде оқыўшылардың сөзлерди еситиў арқалы қабыл етиўи менен бирге, сөз составын, грамматика ҳәм орфографилық қағыйдаларды да еске алыўы талап етиледи. Ескертиў диктанты оқыўшылардың сөзлерди саналы өзлестириўин, өз бетинше ислеў көнликпесин раўажландырады, олардың жумыс ўақтында бираз ықлас пенен ислеўин талап етеди. 5-9-классларда таңлаў диктанты оқыўшыдан аңлылықты ҳәм шыдамлылықты, үйренилиўге тийисли сөз яки сөз дизбегин гәп ишинен таңлап алыў ушын оған айрықша дыққат қойыўды талап етеди.

Еркин диктант оқыўшылардың тил байлығын раўажландырады, оларды баян ҳәм шығарма жазыўға таярлайды. 5-9-классларда дөретиўшилик диктанттың түри де оқыўшылардың барлық қызығыўшылық ис-ҳәрекетине байланыслы болып, еки бағдарда нәзерде тутыў менен өткериледи: биринshiден, орфографиялық қағыйданы үйретиў, грамматика, пунктуация, лексика ҳәм стилистика бойынша алған билимлерин беккемлеў, екиншиден, оқыўшылардың сөйлеў ҳәм жазба тилин раўажландырыў мақсетинде өткериледи. Дөретиўшилик диктант үстинде исленетуғын жумыслар ҳәр қыйлы түрде ҳәм мазмунда болғанлықтан, оқыўшыдан творчестолық активликти, пикир жүритиў исшеңлигин талап етеди. 5-9-классларда сөзлик диктант – бул оқыўшыларды оқытыў дәўиринде жүргизилетуғын еки мақсетти нәзерде тутады. Биринshiден, оқыўшылардың орфограммаға байланыслы қыйын сөзлерди тез меңгерип алыўы ушын, екиншиден олардың сөзлик байлығын жетилистириў менен сөйлеўин раўажландырып барыў мақсетинде жүргизиледи. Әдетте, сөз дәслеп түбир қәлпинде кейин байланыслы сөйлеў арқалы қосылыўы грамматикалық байланысыўы формасында үйрениледи. Бул жерде жаңа сөздиң контекстте берилиўин көриў, ол ушын мектепте көбинесе сөзлик диктантын жүргизиў жақсы нәтийже береди. Буны муғаллим жаздырыў (диктовка етиў), орфографиялық анализ етиў, сөзлик бойынша диктант жүргизиў, сөзди муғаллимниң айтыўы бойынша доскаға жазыў арқалы жүргизиў мүмкин. Оқыўшы қәтеге жол қойса, ол сөзлер үстинде хәр қыйлы шынығыў жумысларын, шөлкемлестирген мақул. Қәте жиберген сөзлерди орфографиялық сөзликке киргизиў пайдалы. Хәр бир жаңа сөз үстинде системалы түрде жумыс ислеўдиң нәтийжесинде ғана оқыўшы оның жазылыў нормасын қолланыўын өзлестиреди. 5-9-классларда тексериў диктанты белгили бир теманы өтип болғаннан кейин яки шеректиң ямаса жылдың ақырында оқыўшылардың орфография, пунктуация ҳәм грамматика бойынша қаншелли дәрежеде билим алғанлығын, саўатлылығын анықлаў мақсетинде өткериледи.

Улыўмаластырып айтқанда, мектеплерде пунктуацияны оқытыў үлкен әҳмийетке ийе. Пунктуация ана тилин үйрениўдиң ажыралмас ҳәм әҳмийетли бир бөлеги. Тил арқалы пикир қатнасы, ана тилдиң қурылысына байланыслы теориялық мағлыўматлар тийкарында оннан практикалық жақтан толық ҳәм дурыс пайдаланыў, оқыўшының аўызша ҳәм жазба сөйлеўин раўажландырыў ҳәм олардың дөретиўшилик көнликпелерин қәлиплестириў барысында пунктуациялық иркилис белгилерди тийисли орынларда дурыс қолланыў зәрүр. Буны қадағалап барыў пән муғаллимнен талап етиледи. Нәтийжеде бул усыллар сабақ барысында пунктуацияны оқытыўда қолланып, оқыўшылардың аўызша ҳәм жазба сөйлеў тилиниң жетилисиўине жәрдем береди. Әдебий шығармаларда иркилис белгилерин орны-орнында қолланып, оқыўшылардың сөз байлығын раўажландырып барыў керек.

**Әдебиятлар**

1. Бердимуратов Е., Пирниязов Қ. Орта мектеплерде қарақалпақ тилин оқытыӯ методикасы. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1988, Б 286.

2. Пахратдинов Ә. Қарақалпақ әдебиятын оқытыў методикасы. (сабақлық). – Нөкис: Билим, 2004. – 260 бет.

3. Yusupov K. Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw metodikası. (sabaqlıq). –Tashkent: Сано-стандарт, 2018. -336 bet.

4. Хусанбоева Қ., Ниёзметова Р. Адабиёт ўқитиш методикаси. (дарслик) – Ташкент: Баркамал файз мадиа. 2018. – 352 б.

5. Юсупов Қ. Академиялық лицейлерде қарақалпақ әдебиятын оқытыў методикасы. (монография). – Нөкис: Қарақалпақстан, 2019. -112 бет.

6. Юсупов К.А. Академиялық лицейлерде лирикалық шығармаларды таллаў // Қорақалпоқ давлат университети ахборотномаси. – Нукус, 2020. – №1. – Б. 181-184 (13.00.00. №13).

7. Yusupov K.A. Scientific and theoretical foundations of teaching Karakalpak literature at academic lyceums // Journal of Critical Reviews. (ISSN 2394-5125). – Vol 7, Issue 7, 2020. – №1. – P.P. 349-354 (https://www. scopus.com /sourceid / 21100920227).

8. Yusupov K.A. Methods of teaching literary material at academic lyceums according to the program // Academicia. An International Multidisciplinary Research Journal (India). (ISSN: 2249-7137). – Vol. 10 Issue 5, 2020. – P.P. 1628-1634 (Impact Factor: SJIF 2020= 7,13).

9. Юсупов К.А. Академиялық лицейлерде прозалық шығармаларды таллаў // Қорақалпоқ давлат университети ахборотномаси. – Нукус, 2020. – №3. – Б. 304-308 (13.00.00. №13).

10. Юсупов К.А. Изучение художественных произведений в академических лицеях // Til va adabiyot ta’limi. – Тошкент, 2021. – №3. – стр. 78-80 (13.00.00. №8).

11. Юсупов К.А. Научно-методических основы преподавания каракалпакской литературы. Internaional Scienfic Journal Theoretical & Applied Scieence p-ISSN: 2308-4944 (print) e- ISSN:2409-0085 (online) Year: 2021 Issue: 11. Pp. 362-371. http://T.Science.org.

12. Yusupov K.A. Teaching students the metods of artistic depiction in Karakalpak prose. // Journal of Hunan University (Natural Sciences). Vol. 49. No. 04. April 2022. Page - 590-603. https://johuns.net/index.php/abstract/361.html

13. Yusupov K.A. Learning Discussing the Epic Novels. // Eurasian Journal of Learning and Academic Teahing. Volume 7 I March 2022. Page - 26-30. www.geniusjournals.org.(https://geniusjournals.org/index.php/ejlat/issue/view/74)

14. Юсупов К.А. Обучение основам письменной речи учащихся. // «Pedagogs» international research journal. Volume-7, Issue-1, April-2022. – Стр. 176-181. www.pedagoglar.uz.

15.Yusupov K.A. Qoraqalpoq adabiyotini o‘qitish masalalari // Journal of new century innovations. (WSRjournal.com), Volume - 5, Issue - 6. May, (2022). PP. – 113-122.

**REZYUME.** Maqolada umumta’lim maktablarining qoraqalpoq tili sinflarida diktant yozish orqali o‘quvchilarning og‘zaki va yozma so‘z madaniyatini oshirishga bag‘ishlangan.

**РЕЗЮМЕ.** Статья посвящена совершенствованию культуры устной и письменной речи учащихся посредством диктанта на уроках каракалпакского языка общеобразовательных школ.

**SUMMARY.** The article is devoted to improving the culture of oral and written speech of students through dictation in Karakalpak language lessons in secondary schools.